



**Gid pou
Moun ki
Retrete
anvan 65 Ane
Resevwa Avantaj
yo pou Ane 2024**

Be Well. Be You.

K ap Sipòte Etap W ap Fè pou Vin Anfòm.

Avantaj ou yo pou Ane 2024

K ap Sipòte Etap W ap Fè pou Vin Anfòm.

Sa ki nan Gid la

Nòt Enpòtan	1
Chwa plan medikal ou yo	3
Fason pou jwi pifò nan plan medikal ou.....	8
Swen dan.....	9
Swen zye	10
Lè ou 65 ane	11
Resous ou yo.....	12

FASON POU UTILIZE GID SA A
RETOUNEN SA KI NAN ANSWIT
GID LA



Be Well. Be You.

Enskripsyon Anyèl se opòtinite ou jwenn yon sèl fwa chak ane pou fè chanjman nan avantaj ou yo. **Revize gid sa a avèk anpil atansyon pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram avantaj nou yo ak sou aksyon ou bezwen fè pou ou kapab pran pi bon desizyon yo pou sipòte tèt ou ak fanmi ou.**

Nòt Enpòtan

Yon nouvo plan medikal ki sou administrasyon Surest – ki rele plan PPO (Surest) – pral ranplase plan Navigate nan ane 2024

Tankou plan Navigate, plan PPO (Sunrest) se yon plan ki gen kopeman. Men, gen anpil avantaj siplemantè nouvo plan sa a, tankou pri ki pi ba, yon pi gwo rezo avèk United Healthcare (ki gen ladan 100% pwen komen pwofesyonèl swen sante yo avèk rezo Navigate ak rezo PIH ki gen HRA), senplisite ak yon objektif pou gen pi bon rezilta yo pou sante.

Jan nou te kominike ane pase, PIH ki gen plan HRA p ap disponib ankò nan ane 2024. Poutèt sa, **[nenpòt moun ki enskri nan PIH ki gen plan HRA or plan Navigate ap enskri otomatikman nan plan PPO \(Surest\) pou ane 2024 *sof si moun nan chwazi yon plan diferan pandan Enskripsyon Anyèl la.* Nou ankouraje ou pou aprann plis enfòmasyon sou chwa ou yo epi pou chwazi plan k ap travay pi byen pou ou.](#)**

Nouvo sèvis dezyèm pwendvi: 2nd.MD

- Sèvis medikal dezyèm pwendvi ekspè nou pral kite Teladoc pou antre nan **2nd.MD** nan dat 1^{ye} Janvye 2024. Ou pral kontinye resevwa menm pwendvi medikal yo avèk doktè klas mondyal. Kit ou vle yon dezyèm pwendvi sou yon dyagnostik oswa sou yon plan tretman rekòmande, kit ou bezwen asire ou gen tout eleman yo oswa pou senpleman konfime ou jwenn pwofesyonèl swen sante kòrèk la, **2nd.MD** la pou ede ou.

Sa pou sonje konsènan pwoteksyon medikal manm ki retirete

- Si ou enskri nan pwoteksyon medikal, swen dan ak/ oswa swen zye epi ou decide anile pwoteksyon medikal la, oumenm ak depandan ou yo p ap gen pwoteksyon pou swen dan oswa swen zye ankò.
- Si ou kite pwoteksyon pou swen sante ou nan Clorox, ou p ap kapab re-enskri nan pwoteksyon pou swen sante anplwaye retirete avèk Clorox pita.
- Lè ou vin gen laj 65 ane, pwoteksyon ou anba plan swen sante pou anplwaye ki retirete anvan laj 65 ane pral fini nan fen mwa 65yèm anivèsè nesans ou (sof si ou te fèt nan premye jou mwa a). Tanpri gade règ yo konsènan kalifikasyon pou Medicare lè pwoteksyon Medicare ou kòmanse. Si ou gen depandan ki poko gen laj 65 ane, yo kapab kontinye enskri nan plan sante Clorox yo pou moun ki retirete jouk nan dat final pwoteksyon ki anvigè a (egzanp, madanm oswa mari ou vin gen laj 65 ane, oswa timoun depandan yo vin gen laj 26 ane).
- Ou pa kapab ajoute nouvo depandan (madanm oswa mari/patnè oswa timoun) nan pwoteksyon plan sante ou pou manm retirete avèk Clorox.

VERIFYE ENFÒMASYON DEPANDAN OU YO YON DEZYÈM FWA!

Lwa konsènan Pwoteksyon Pasyan ak Swen Sante Bon Mache egzije Clorox pou rapòte nimewo Sekirite Sosyal (Social Security number, SSN) yo chak ane pou tout depandan ki enskri nan plan sante nou yo. Revize epi, jan li nesèsè, modifiye SSN ak prenon ak non fanmi depandan ou yo nan Clorox Health & Welfare Service Center.

LIS TOUT SA KI NESESÈ POU RESEVWA AVANTAJ OU YO

ENSKRIPSYON ANYÈL ANVAN: EVALYE CHWA OU YO

- Li Gid pou Moun ki Retrete anvan 65 Ane Resevwa Avantaj yo.
- Revize Rezime dokiman plan Pwoteksyon Avantaj yo (Summary of Benefits Coverage, SBC).
- Si ou planifye pou chanje plan medikal ou yo verifye pou asire pwofesyonèl swen sante ou yo nan rezo a.

PANDAN ENSKRIPSYON ANYÈL LA: CHWAZI AVANTAJ OU YO

- Ale sou sitwèb [cloroxbenefits.com](https://www.cloroxbenefits.com) pou revize pwoteksyon ou nan moman an.
- Ant **6 Novanm – 17 Novanm 2023**, chwazi oswa fè chanjman nan avantaj pou yo pou ane 2024. Si ou pa fè okenn chanjman anvan **11:59 p.m. PT nan dat 17 Novanm**, chwa ou te fè yo pou ane 2023 pral will kontinye nan nouvo ane plan an apati 1ye Janvyè 2024. **Sonje:** si nou te gen plan PIH ki gen HRA oswa plan Navigate pou ane 2023, w ap enskri otomatikman nan plan PPO (Surest) pou ane 2024, sof si pou fè kèk chanjman.
 - Apre ou vin gen laj 65 ane epi ou vin kalifye pou Medicare, ou p ap gen pwoteksyon an ankò avèk plan sante Clorox pou moun ki poko gen laj 65 ane. Men, ou ka kontinye pwoteksyon an pou madanm oswa mari ou (si ou poko gen laj 65 ane) ak pou timoun ou yo (si yo poko gen laj 26 ane).

APRE ENSKRIPSYON ANYÈL LA: TCHEKE BWAT-A-LÈT OU

- Revize konfimasyon avantaj yo nou pral voye ba ou pa lapòs nan mwa desanm. Rele nimewo 833-550-5600 nan 10 jou apre ou resevwa konfimasyon an pou rapòte nenpòt erè.
- N ap voye bòdwo ane 2024 ou ba ou nan mwa Desanm. Si ou pa resevwa li anvan fen mwa Desanm tanpri kontakte Sèvis Faktirasyon nan nimewo 833-550-5600 oswa konekte nan Pòtay Manm nan [compass.empyreanbenefits.com/clorox](https://www.compass.empyreanbenefits.com/clorox) epi klike sou “Billing Services” (sèvis faktirasyon) anba “Additional Items to Explore” (lòt enfòmasyon pou chèche konnen). Ou dwe peye anvan dat echeyans lan menmsi ou pa resevwa yon bòdwo; sinon pwoteksyon ou ap fini dapre dènye peman nou resevwa.

Make your choices



SOU ENTÈNÈT
[cloroxbenefits.com](https://www.cloroxbenefits.com)



RELE:
Health & Welfare Service Center
833-550-5600
Lendi – Vandredi, 6 a.m.–5 p.m. PT

Chwa plan medikal ou yo

Clorox ofri de plan medikal nasyonal pou tout anplwaye yo ak yon twazyèm chwa (Kaiser) pou moun k ap viv nan California.

Tout plan yo gen pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon, ansanm avèk yon kopeman \$5 nan rezo a pou sèten medikaman prevantif pou ede pwoteje ou kont yon pwoblèm medikal oswa pou ede ou kontwole li. Ou kapab ekonomize lajan tou depi ou itilize sèvis famasi ki nan rezo a epi depi ou chwazi medikaman jenerik parapò avèk medikaman ki gen non komèsyal.

Plan Sante ki gen Gwo Franchiz pou manm ki Poko gen 65 Ane (HDHP) – HSA Konpatib

HDHP bay pwoteksyon medikal jeneral ak aksè nan pwofesyonèl ki nan rezo a ak deyò rezo a toupatou nan peyi a avèk UHC.

HDHP se HSA konpatib, sa ki vle di ou kapab kotize nan yon Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA) pèsònèl epi rezève lajan pou peye pou depans medikal yo kounye oswa pidevan. Ou kapab itilize lajan HSA tou pou fè peman pa mwa yo nan Medicare lè ou vin gen laj 65 ane.

ÈSKE MWEN KALIFYE POU YON HSA?

IRS gen règ pou patisipasyon ou nan HSA. Ale sou sitwèb cloroxbenefitsinfo.com pou jwenn yon lis konplè kondisyon yo pou kalifye.

KI KANTITE LAJAN L AP KOUTE MWEN POU WÈ PWOFESYONÈL SWEN SANTE MWEN?

Pou wè si doktè ou nan rezo a, ale sou sitwèb konpayi plan medikal ou:

- The HDHP: whyuhc.com/clorox
- Plan PPO (Surest): benefits.surest.com
- Plan Kaiser (CA sèlman): kp.org

Plan PPO (Surest)

plan PPO (Surest) bay pwoteksyon medikal konplè ak fasilite pou jwenn sèvis pwofesyonèl swen sante ki nan ak deyò rezo a avèk Surest. Lòt enfòmasyon pou konnen:

- Plan sa a pa gen franchiz oswa ko-asirans, poutèt sa ou p ap gen pou fè yon gwo depans avèk lajan pòch ou anvan plan ou kòmanse peye pou swen ou. Olye sa, w ap peye yon kantite lajan fiks pou kopeman an. Aplikasyon Surest ki fasil pou itilize ap pèmèt ou chèche pwofesyonèl swen sante ou epi wè kopeman li reklame davans, sa ki vle di w ap konnen egzakteman sa w ap peye anvan ou resevwa swen an.
- Paske Surest se yon konpayi UHC, plan sa a gen menm gwo rezo pwofesyonèl swen sante avèk HDHP – ki gen ladan 100% pwen komen pwofesyonèl swen sante avèk plan Navigate ak plan PIH ki gen HRA.
- Surest klase doktè yo nan zoon ou an fonksyon amelyorasyon rezilta sante ak efikasite ekonomik. Answit, yo afekte kopeman ki pi ba yo ba doktè ki klase pi wo yo. Sa vle di w ap peye mwens lajan lè ou ale nan klinik pi bon doktè yo ki nan zòn ou.
- Ou pa bezwen yon referans pou wè yon espesyalis, ni ou pa bezwen chwazi yon pwofesyonèl swen prensipal (PCP).
- Pami tout òf plan Clorox, Plan PPO (Surest) se sèl plan medikal Clorox pou ofri kopeman (kantite lajan ou peye pou yon sèvis ki kouvri nan moman w ap resevwa li). Sa vle di ou pral vin pi prediktib avèk kantite lajan w ap peye avèk plan PPO (Surest) parapò avèk lòt plan Clorox yo.



Plan Kaiser (California sèlman)

Plan Kaiser bay pwoteksyon medikal konplè ak fasilite pou jwenn sèvis pwofesyonèl swen sante ki nan rezo a sèlman. Lòt enfòmasyon pou konnen:

- Ou dwe itilize sèvis yon sant medikal, pwofesyonèl swen sante ak famasi Kaiser paske pa gen avantaj deyò rezo a nan plan sa a, sof nan ka ijans yo.
- Ou kapab wè doktè ou, ale nan yon laboratwa, epi pran medikaman sou preskripsyon ou yo, tout sa nan yon sèl deplasman.
- Se PCP ou ki dwe kontwole oswa ba ou referans pou tout sèvis yo ak espesyalis yo, sof pou sèten ijans medikal oswa sèvis OB/GYN. PCP ou se sèl pwen kontak ou, epi l ap planifye tout swen sante ou, tankou vizit yo nan klinik, preskripsyon yo ak referans pou wè espesyalis yo.
- Plan Kaiser se yon konsepsyon plan ki gen franchiz, sa ki vle di ou dwe peye franchiz la anvan plan an kotize nan depans yo pou sèvis pidevan yo. Depi ou satisfè franchiz la, w ap peye ko-asirans, ki se yon pousantaj vrè depans pou sèvis la.

Jwenn plis enfòmasyon sou modèl sèvis entegre Kaiser sou sitwèb kp.org.

SWEN PREVANTIF TOUJOU KOUVRI A 100%

Kèlkeswa ki plan medikal ou chwazi vizit ou yo pou swen prevantif nan rezo a kouvri gratis pou ou.

Pa gen pi bon moman pou pwograme egzamen woutin yo ak tès depistaj kansè – tankou mamogram, tès depistaj pou kansè kolon ak kansè sèvikal ak plis. Gen yon fason ideyal pou idantifye pwoblèm sante yo anvan yo vin pi grav – ak pi chè pou trete.



Konparezon pwoteksyon plan medikal

	Plan PPO (Surest)		Pre-65 HDHP HSA compatible (UHC)		Kaiser (California Sèlman)
	Nan Rezo a	Deyò Rezo a	Nan Rezo a	Deyò Rezo a	Nan Rezo a Sèlman
Franchiz					
Anplwaye Sèlman	\$0	\$0	\$2,000	\$4,000	\$600
anplwaye + madanm/ mari oswa patnè oswa timoun	\$0	\$0	\$4,000	\$8,000	\$1,200
Anplwaye + Fanmi	\$0	\$0	\$4,000	\$8,000	\$1,200
Depans Maksimòm avèk Lajan Pòch ou					
Anplwaye Sèlman	\$3,000	\$6,000	\$5,000	\$10,000	\$2,750
Anplwaye + madanm oswa mari oswa patnè nan kay, oswa Timoun (yo)	\$6,000	\$12,000	\$10,000	\$20,000	\$5,500
Anplwaye + Fanmi	\$6,000	\$12,000	\$10,000	\$20,000	\$5,500
Sèvis Komen yo					
Vizit nan klinik: PCP/Espesyalis	\$20 – \$125	\$250	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz
Swen prevantif ¹	garanti okonplè	\$190	garanti okonplè	garanti okonplè	garanti okonplè
Saldijans	\$750	\$750	30% apre franchiz	30% apre franchiz	20% apre franchiz
Admisyon ou kòm pasyan ki entènè nan lospital	\$2,000 ²	\$4,000 ²	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz
Operasyon kòm pasyan ki pa entènè	\$150 – \$3,000	\$2,000 – \$6,000	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz
radiyografi/laboratwa	Woutin (radiyografi, laboratwa, ultrason): \$0 Imajri Konplèks (MRA, CT, elatriye): \$125 – \$900	Woutin (radiyografi, laboratwa, ultrason): \$0 Imajri Konplèks (MRA, CT, elatriye): \$1,550 – \$1,800	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz
Lòt sèvis	\$150 – \$1,000 ³	\$2,000 ³	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz
Famasi (Detayan)⁴					
Prevantif oswa antretyen	1-30 jou: Kopeman \$5 31-60 jou: Kopeman \$10 61-90 jou: Kopeman \$15	1-30 jou: Kopeman \$10 31-60 jou: Kopeman \$20 61-90 jou: Kopeman \$30	1-30 jou: Kopeman \$5 31-60 jou: Kopeman \$10 61-90 jou: Kopeman \$15	50% apre franchiz	1-90 jou: Kopeman \$5 ⁵
Jenerik (yon kantite pou 30 jou/on kantite pou 90 jou)	Kopeman \$20/ kopeman \$50	Kopeman \$40/ kopeman \$100	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz jiska yon maksimòm \$50 ⁵
Non komèsyal nou rekòmande (yon kantite pou 30 jou/yon kantite pou 90 jou)	Kopeman \$60/ kopeman \$150	Kopeman \$120/ kopeman \$300	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz jiska yon maksimòm \$100 ⁵
Non komèsyal nou rekòmande (yon kantite pou 30 jou/yon kantite pou 90 jou)	Kopeman \$120/ kopeman \$300	Kopeman \$240/ kopeman \$600	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz jiska yon maksimòm \$100 ⁵
Espesyalite (yon kantite pou 30 jou)	Jenerik: Kopeman \$330 Sa nou rekòmande Kopeman \$370 Sa nou pa rekòmande: Kopeman \$400	Pa Garanti	30% apre franchiz	50% apre franchiz	20% apre franchiz jiska yon maksimòm \$100 ⁶

1 Wè yon lis sèvis ki kouvri yo sou sitwèb www.healthcare.gov/coverage/preventive-care-benefits/.

2 Tout limit vizit yo ak tan pou pase nan sant medikal se pou chak moun ki pwoteje pou chak ane plan epi yo melanje nan rezo a ak deyò rezo a.

3 Repezante Lòt Sèvis nan Lopital pou Pasyan Deyò; ale nan Rezime Deskripsyon Plan an pou jwenn deskripsyon detaye avantaj yo.

4 N ap ranbouse tout reklamasyon famasi sou papye pou plan PPO (Surest) ak plan HDHP (nan rezo a ak deyò rezo a) dapre tarif ki nan kontra a mwens kopeman/ko-asirans ki anvigè.

5 Jiska yon kantite medikaman pou 100 jou apre franchiz plan an.

6 Jiska yon kantite medikaman pou 30 jou apre franchiz plan an.



Tarif pa mwa pou pwoteksyon medikal la

Tarif pa mwa ki sibvansyone pou Pre-65 (“Retsub”)

Si dènnye dat anbochaj ou se te anvan 1ye Janvyè 2001, ou kalifye pou pwoteksyon medikal anplwaye ki retirete anvan laj 65 ane nan tarif sibvansyone plis pwoteksyon pou swen dan ak swen zòrèy si:

- Ou te enskri nan yon plan medikal Clorox sipòte imedyatman anvan retrèt la **EPI**
- Ou gen omwen 55 ane epi ou gen omwen 20 tan sèvis avèk Clorox

TARIF MEDIKAL PA MWA AVÈK RETSUB

Kalite pwoteksyon an	Plan PPO (Surest)	Pre-65 HDHP HSA konpatib – UHC	Kaiser (California Sèlman)
retrete	\$816.00	\$661.00	\$444.00
Retrete + madanm oswa mari	\$1,627.00	\$1,317.00	\$1,078.00
retrete + timoun (yo)	\$1,077.00	\$875.00	\$1,267.00
Retrete + fanmi	\$1,909.00	\$1,553.00	\$1,729.00
Timoun sèlman ^{1,2}	N/A	N/A	\$444.00
Mari oswa madanm sèlman ²	\$816.00	\$661.00	\$444.00
Mari oswa madanm + timoun (yo) ²	\$1,093.00	\$892.00	\$1,285.00
Timoun (yo) sèlman ²	\$261.00	\$214.00	\$823.00

1 Pwoteksyon timoun sèlman ki anvigè avèk Plan Kaiser Plan (CA sèlman).

2 Timoun sèlman, Madanm oswa mari sèlman ak timoun(yo) ak pwoteksyon pou timoun(yo) sèlman ki anvigè si 1) retirete a vin kalifye pou Medicare (laj 65 ane) epi depandan yo poko gen laj 26 zan (timoun) epi yo poko gen laj 65 ane(madanm oswa mari) oswa 2) retirete a mouri.

Tarif pa mwa yo ki pa sibvansyone (“ACCESS”)

Ou kalifye pou pwoteksyon medikal, swen dan ak swen zye nan tarif ki pa sibvansyone si ou te enskri nan yon plan medikal Clorox sipòte imedyatman anvan retrèt ou **EPI**:

- Ou gen omwen 55 ane epi ou gen omwen 10 zan sèvis avèk Clorox **OSWA**
- Laj ou plis kantite ane sèvis ou avèk Clorox adisyone pou rive a omwen 75

TARIF MEDIKAL PA MWA AVÈK ACCESS

Kalite pwoteksyon an	Plan PPO (Surest)	Pre-65 HDHP HSA konpatib – UHC	Kaiser (California Sèlman)
retrète	\$1,329.80	\$1,174.60	\$958.26
Retrete + madanm oswa mari	\$2,657.06	\$2,347.14	\$2,108.17
retrète + timoun (yo)	\$1,726.82	\$1,525.28	\$1,916.52
Retrete + fanmi	\$3,055.34	\$2,698.75	\$2,874.78
Timoun sèlman ^{1,2}	N/A	N/A	\$958.26
Mari oswa madanm sèlman ²	\$1,329.80	\$1,174.60	\$958.26
Mari oswa madanm + timoun (yo) ²	\$1,725.54	\$1,524.15	\$1,916.52
Timoun (yo) sèlman ²	\$397.02	\$350.68	\$1,916.52

1 Pwoteksyon timoun sèlman ki anvigè avèk Plan Kaiser Plan (CA sèlman).

2 Timoun sèlman, Madanm oswa mari sèlman ak timoun(yo) ak pwoteksyon pou timoun(yo) sèlman ki anvigè si 1) retrète a vin kalifye pou Medicare (laj 65 ane) epi depandan yo poko gen laj 26 zan (timoun) epi yo poko gen laj 65 ane(madanm oswa mari) oswa 2) retrète a mouri.



Fason pou resevwa pifò nan avantaj plan medikal ou

Lè ou enskri nan yon plan medikal, oumenm ak manm fanmi pwoteje ou yo kapab jwenn yon kantite chwa ak resous siplemantè.

Swen prevantif – pa rete tann pi ta

Nan moman pandemi an t ap frape fò, anpil nan nou te mete tchekòp anyèl nou annatant. Se moman pou ratrape sou swen sante prevantif ou te ka mete annatant. Swen prevantif nan rezo a kouvri avèk tout plan kalifye yo, poutèt sa poze doktè ou kesyon sou tès depistaj ki rekòmande yo ak sou lòt swen prevantif. Kèk egzans swen prevantif se egzamen fizik anyèl mamogram ak kolonoskopi.



Chèche jwenn yon dezyèm pwendvi avèk 2nd.MD

Apati 1ye Janvyè 2024, ou pral kapab jwenn 2nd.MD, k ap pèmèt ou jwenn yon ekip doktè klas mondyal. Doktè yo ap revize dosye medikal ou yo epi y ap bay yon dezyèm pwendvi konfidansyèl sou dyagnostik ou ak plan tretman ou. Nou bay sèvis sa a gratis pou ou epi li disponib pou nenpòt moun ki enskri nan yon plan medikal Clorox sipòte.

Ale sou sitwèb 2nd.md/clorox oswa telechaje aplikasyon 2nd.MD apati 1ye Janvyè pou jwenn dezyèm pwendvi yon ekspè medikal.

Swen vityèl

Swen vityèl se yon fason pratik pou pale avèk yon doktè epi pou diminye nèt vizit fas-a-fas yo. Plan medikal yo nan Clorox ofri vizit nan telefòn oswa nan videyo pou pwoblèm sante tankou sentòm enfeksyon zye, grip ak COVID, gratèl, gòj irite ak plis. Ou kapab resevwa yon preskripsyon tou.

Pou HDHP, ale sou sitwèb myuhc.com, telechaje aplikasyon mobil United Healthcare oswa rele nimewo 855-615-8335. Pou plan PPO (Surest), konekte nan aplikasyon Surest oswa ale sou sitwèb benefits.surest.com. Pou Kaiser, ale sou sitwèb kp.org/getcare, telechaje aplikasyon Kaiser app oswa rele nimewo 866-454-8855. Ou kapab kontakte PCP ou tou si li ofri vizit Vityèl.

Pwoteje tèt ou ak moun ki bòkote ou yo depi ou pran vaksen ou yo

Rete an sante epi ede lòt moun yo vin byen depi ou pran vaksen ou yo. Yo disponib gratis pou ou. N ap ba ou Yo sa yo gratis. Jwenn yon sant medikal ki pre ou:

	Vaksen/rapèl kont COVID-19/	Vaksen kont grip
Manm UHC yo	<ul style="list-style-type: none"> uhc.com/health-and-wellness/health-topics/covid-19/vaccine 	<ul style="list-style-type: none"> uhc.com/flushot Konekte nan sitwèb myuhc.com > Find Care & Costs epi tape “flu shot” (vaksen kont grip) nan ba-rechèch la.
Manm Surest yo	<ul style="list-style-type: none"> Konekte sou sitwèb benefits.surest.com epi itilize ba-rechèch la pou jwenn vaksen yo kont COVID-19. Rele nimewo 866-683-6440 	<ul style="list-style-type: none"> Konekte sou sitwèb benefits.surest.com epi itilize ba-rechèch la pou jwenn vaksen yo kont grip. Rele nimewo 866-683-6440
Manm Kaiser yo	<ul style="list-style-type: none"> kp.org/getcare KP COVID Vaccine InfoLine: 855-550-0951 	<ul style="list-style-type: none"> kp.org/flu Rele NorCA: 800-573-5811 (800-KP-FLU-11) oswa SoCA: 866-706-6358 (866-70-NO FLU)

Kontakte pwofesyonèl swen sante ou oswa depatman sante lokal ou pou jwenn dènye enfòmasyon lokal yo sou tès yo.

Pwoteksyon pou swen dan

Plan nasyonal nou pou swen dan avèk UnitedHealthcare (UHC) ap pèmèt ou ale nan klinik nenpòt dantis ou chwazi, menmsi pri yo anjeneral pi ba lè ou ale nan klinik pwofesyonèl swen dan ki nan rezo a. Jwenn yon pwofesyonèl swen sante nan rezo a sou sitwèb myuhc.com > [Find a Doctor](#) > [Find a Dentist](#) (Network: National Options PPO 10).

Pwoteksyon	
Franchiz Anyèl	\$50 pou chak moun, \$150 pou chak fanmi
Swen prevantif	100% (pa gen franchiz)
Pwoteksyon apre ou satisfè franchiz anyèl la	<ul style="list-style-type: none"> Swen debaz: 80% (maksimòm anyèl \$2,000 pou chak moun) Swen prensipal: 50% (maksimòm anyèl \$2,000 pou chak moun) Swen òtodontik: 50% (maksimòm anyèl \$1,500 pou chak moun)

DEPANS PA MWA POU PWOTEKSYON POU SWEN DAN

Lè ou se yon retirete ki poko gen laj 65 ane, w ap peye tout pri a pou pwoteksyon pou swen dan.

Kalite pwoteksyon an	tarif
retrete	\$47.00
Retrete + madanm oswa mari	\$96.00
retrete + timoun (yo)	\$118.00
Retrete + fanmi	\$166.00
Mari oswa madanm sèlman ¹	\$49.00
Mari oswa madanm + timoun (yo) ¹	\$119.00
Timoun (yo) sèlman ¹	\$71.00

¹ Timoun sèlman, Madanm oswa mari sèlman ak timoun(yo) ak pwoteksyon pou timoun(yo) sèlman ki anvigè si 1) retirete a vin kalifye pou Medicare (laj 65 ane) epi depandan yo poko gen laj 26 zan (timoun) epi yo poko gen laj 65 ane(madanm oswa mari) oswa 2) retirete a mouri.



Pwoteksyon pou swen zye

Nou fè yon patenarya avèk Vision Service Plan (VSP) pou bay yon plan nasyonal k ap ba ou aksè nan pi gwo rezo doktè endepandan yo.

Ale sou sitwèb vsp.com pou achte vè-kontak, linèt ak linèt solèy. Chèche onglè Shop sou tablodbò CSP ou epi chwazi pami 50 non komèsyal. Jwenn monti linèt ou renmen, eseye yo sou plan vityèl epi klike sou Shop Eyeconic pou itilize avantaj swen zye ou pou acha w ap fè sou entènèt. Anplis rezo doktè VSP, Walmart ak Sam's Club fè pati nan rezo VSP tou.

Pwoteksyon	
Egzamen	Chak 12 mwa, kouvri apre kopeman \$10
Lantiy	Chak 12 mwa, kouvri apre kopeman \$25
Monti linèt	Chak 12 mwa, kouvri jiska \$150
Vè -kontak (olye linèt)	<ul style="list-style-type: none"> Chak 12 mwa, kouvri jiska \$130 Egzamen pou vè-kontak ki pa dwe depase yon kopeman \$60

DEPANS PA MWA POU PWOTEKSYON POU SWEN ZYE

Lè ou se yon patisipan -65 retirete, w ap peye tout pri a pou pwoteksyon pou swen zye ou.

Kalite pwoteksyon an	tarif
retrete	\$8.00
Retrete + madanm oswa mari	\$17.00
retrete + timoun (yo)	\$11.00
Retrete + fanmi	\$19.00
Mari oswa madanm sèlman¹	\$9.00
Mari oswa madanm + timoun (yo)¹	\$11.00
Timoun (yo) sèlman¹	\$3.00

¹ Timoun sèlman, Madanm oswa mari sèlman ak timoun(yo) ak pwoteksyon pou timoun(yo) sèlman ki anviè si 1) retirete a vin kalifye pou Medicare (laj 65 ane) epi depandan yo poko gen laj 26 zan (timoun) epi yo poko gen laj 65 ane(madanm oswa mari) oswa 2) retirete a mouri.





Kisa k ap pase lè ou vin gen laj 65 ane?

Apati 1ye Janvyè 2024, Via Benefits pral vin nouvo patnè Medicare private exchange pou Clorox.

Lè oumenm oswa madanm/mari/patnè ou vin gen laj 65 ane, Clorox ap bay chak patisipan ki kalifye posiblite pou jwenn Via Benefits private Medicare, pou ede ou avèk chwa pwoteksyon yo nan Medicare. Avèk Via Benefits, ou kapab enskri nan asirans siplemantè Pati B ak Pati D Medicare. Moun ki satisfè kondisyon yo pou kalifye pral kapab jwenn yon HRA Clorox finanse san taks (gade kritè yo nan paj 6 pou chèche konnen si ou kalifye).

Depandan yo ki poko gen laj 65 ane epi ki enskri nan moman an nan plan sante Clorox (yo) kapab rete nan pwoteksyon yo genyen an jout lè madanm/mari yo vin gen laj 65 ane oswa jout lè pitit yo vin gen laj 26 ane, men nan diferan nivo tarif.

Via Benefits pral voye enfòmasyon yo pa lapòs lakay ou apeprè 90 jou anvan ou vin kalifye pou Medicare.

Ranbousman pou Sante (HRA) apre Laj 65 Ane

Manm retirete ki kalifye yo kapab itilize yon HRA Apre Laj 65 Ane pou fè peman pa mwa yo pou asirans medikal, asirans pou medikaman sou preskripsyon, asirans pou swen dan ak asirans pou swen zye.

- Ou dwe satisfè kondisyon yo pou kalifye (gade paj 6 la).
- Ou dwe enskri nan asirans siplemantè Medicare avèk Via Benefits.
- Si ou deside pa enskri nan pwoteksyon siplemantè Medicare avèk Via Benefits, ou p ap kalifye ankò pou yon HRA pou moun ki gen laj 65 ane.
- Si oumenm ak madanm/mari ou te pwoteje ansanm anba yon plan medikal; Clorox sipòte jiska laj 65 ane, nou chak pral resevwa HRA pa nou apre nou pase laj 65 ane.
- Si ou te enskri nan plan UHC PIH ki gen HRA anvan ou te gen laj 65 ane, w ap pèdi lajan sa a epi nou p ap kapab transfere li nan HRA pou moun ki pase 65 laj ane.

Kont Epay Sante (HSA)

Si ou te enskri nan HDHP pou moun ki poko gen laj 65 ane epi ou te louvri yon HSA pèsònèl anvan ou te gen laj 65 ane, ou p ap kalifye ankò pou fè kotizasyon nan HSA ou lè ou aplike pou avantaj Sekirite Sosyal ak lè ou enskri nan nenpòt pati Medicare (egzanp, Pati A, Pati B, elatriye.) Kotizasyon maksimòm ou pral pwopòsyonèl dapre premye jou mwa a lè ou enskri nan Medicare. Si ou chwazi pou ranvwaye enskripsyon ou nan Sekirite Sosyal ak Medicare apre ou vin gen laj 65 ane epi ou enskri nan Plan Sante ki gen Gwo Franchiz pou Manm ki Poko gen Laj 65 Ane, w ap kapab kontinye kotize nan HSA ou jout nan mwa anvan enskripsyon ou nan Sekirite Sosyal ak Medicare. Sonje pou chita pale avèk konseye fiskal ou pou resevwa konsèy pou sitiyasyon patikilye ou.

Ou ka kontinye itilize kont ou pou peye pou depans medikal yo, epi ou ka itilize lajan an pou peye pou pwoteksyon siplemantè Medicare avèk nenpòt pwofesyonèl swen sante.

Resous ou yo

Sijè	Kote pou jwenn enfòmasyon
Kesyon sou Enskripsyon Anyèl ak kesyon jeneral sou avantaj yo, asistans ak deskripsyon plan an	Dirèkteman: cloroxbenefits.com Clorox Health & Welfare Service Center: 833-550-5600
Kesyon sou faktirasyon pou peman pa mwa	Pòtay Manm: cloroxbenefits.com > Additional Items to Explore > Billing Services Sèvis Faktirasyon: 833-874-1600 7 a.m. – 7 p.m. CT, Lendi – Vandredi
Pre-65 HDHP – plan medikal ki konpatib avèk HSA	UnitedHealthcare: 877-468-1028 myuhc.com Nimewo Gwoup: 225497
Plan medikal PPO (Surest)	Surest: 866-683-6440 benefits.surest.com
OptumRx (pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon pou plan medikal Pre-65 HDHP oswa plan medikal PPO (Surest)	800-562-6223
Plan medikal Kaiser(CA sèlman) – gen ladan medikaman sou preskripsyon	Kaiser Permanente: 800-464-4000, kp.org
Dezyèm pwendvi medikal	2nd.MD: 800-835-2362 Ale sou sitwèb 2nd.md/clorox oswa tele chaje aplikasyon 2nd.MD
Swen dan	UnitedHealthcare: 877-816-3596 myuhc.com > Search > National Options PPO 10 plan
Swen Zye	Plan pou Sèvis Swen Zye: 800-877-7195, vsp.com Nimewo Gwoup: 00818601
401(k) plan	Vanguard: 800-523-1188 Dirèkteman: vanguard.com/retirementplans
Pansyon	LifeWorks: 800-686-6380

Pou jwenn tout dokiman konfòmite yo ak avi anyèl yo, tanpri eskane kòd QR anba a oswa ale sou sitwèb cloroxbenefitsinfo.com. Voye yon imèl nan people@clorox.com pou mande kopi dokiman sa yo sou papye.





Be Well. Be You.
K ap Sipòte Etap W ap Fè pou Vin Anfòm.



Gid sa a prezante sèten eleman plan an, men li sèlman reprezante yon apèsi. Bilten sa a pa ranplase dokiman ofisyèl plan an, ki se administrasyon final sou dispozisyon plan an nou itilize pou detèmine fason ak lè nou peye avantaj yo. Bilten sa a se yon zouti pou ou pou itilize, men ou ta dwe konsilte dokiman plan an, Rezime Deskripsyon Plan an (Summary Plan Description, SPD) ak nenpòt Prèv Pwoteksyon oswa Sètifika Pwoteksyon ak kontra asirans asosye yo oswa kontra yo, pou nenpòt avantaj ki dekrri nan gid sa a. Konpayi a gen dwa pou chanjè modifiye, sispann, retire, oswa elimine nenpòt oswa tout plan yo, okonplè oswa yon pati ladan yo, nenpòt lè selon desizyon li.

© 2023 The Clorox Company. Tout Dwa Rezève.